



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 28 me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RABÈ NAN TEREN KANPING ETA A

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te bay detay sou Early Summer Camping Special la pou 112 teren kanping eta a atravè New York. Rabè a ede lanse sezon ete a pou fanmi kap chèche pwogram bon mache epi kowenside ak gwo pwomosyon touris anplennè eta a yo te prezante nan kòmansman mwa a nan Somè Touris Gouvènè a.

“New York genyen youn nan pi gwo ak pi bèl rezo State Parks peyi a epi grasa rabè nan pri yo nan teren kanping eta pandan ete sa li vin pi fasil pase anvan pou esplore nati estraòdinè nou an,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pandan n ap pwoche sezon kanping ete a m ap ankouraje tout Nouyòkè ak vizitè nou yo tyeke sa ki pi bon La Nati gen pou l ofri.”

Òf espesyal la gen ladann yon rabè \$5 pou chak nwit sou pri regilye jiska dat 26 jen pou kanpè ki fè rezèvasyon ak kòd pwomosyon EARLYCAMP14. Òf la kouvri teren kanping New York State Parks- ak Department of Environmental Conservation ap jere yo nan prèske tout rejyon an (alesepsyon Hither Hills State Park, bouwe damaraj, vizitè san rezèvasyon ak rezèvasyon ki te la anvan).

Delege State Parks Rose Harvey te di konsa, “Gouvènè Cuomo toujou montre tout bote natirèl esepsyonèl Eta New York epi yon vwayaj kanping se youn nan pi bon fason pou fè esperyans lanati. Pri espesyal sa ka fè vizitè vle eseye kanpe pou yon wikenn pi long oubyen ankouraje kanpè ki gen esperyans esplore nouvo destinasyon.”

Delege DEC a, Joe Martens te di konsa, “New York gen yon pil ak pakèt bèl sit kanping nan eta a pou moun tout laj ak posiblite, kap ofri esperyans anplennè yo pap janm bliye. Gouvènè Cuomo ogmante okazyon pou Nouyòkè ak vizitè fè aktivite lwazi anplennè nan New York, epi pwomosyon espesyal sa ankouraje moun mete kanping nan plan yo pou ete a.”

Se pral 3yèm lane pwogram rabè sa ki te rale 4.000 nwit kanping pandan menm peryòd la lane pase, yon ogmantasyon 40% parapò ak premye ane a.

Haitian Creole

Pwogram rabè kanping lan te prezante nan dezyèm [Somè Touris](#) ane sa kòm youn nan eleman kap fè pwomosyon atou natirèl ak destinasyon popilè eta a. Lòt aktivite anplennè se lansman yon nouvo aplikasyon Pèch, Chas ak Fon, entwodiksyon nouvo Lisans Adventure eta a ak yon seri piblisite I LOVE NY kap montre anpil teren pak ak resous lwazi eta a.”

Anvan yo fè rezèvasyon epi pwofite Early Summer Camping Special la kanpè ka itilize nouvo tou vityèl teren kanping pou planifye yon vwayaj pi fasil. Sou sit entènèt State Park la, vizit vityèl teren kan 360 degre yo pèmèt vizitè yyo wè teren kanping yo chwazi. Vizit anplis pak eta a ak anpil teren kanping DEC pral ajoute sou sit entènèt la pandan sezon sa. Gade vizit vityèl yo [isit la](#).

Pou pwofite Early Summer Camping Special la, ou ka fè rezèvasyon sou entènèt nan <http://newyorkstateparks.reserveamerica.com> oubyen nan telefòn nan 800.456.CAMP. Rezèvasyon kanping ka fèt atravè ReserveAmerica ki bay rezèvasyon sou entènèt ak telefòn pou sit kan atravè New York.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418